## 4-ГӀА ЛЕКЦИ. ЦӀЕРМЕТДОШ

### План

1. *ЦӀерметдешан йукъара маьӀна*
2. *ЦӀерметдешан тайпанаш*

*2.1. Йаххьийн*

*2.2. Гайтаран*

*2.3. Т*Ӏеозоран

2.4. Дерзоран

2.5. Дерзоран-тӀеозоран

2.6. Хаттаран

2.7. Къастаман

2.8. Къастамза

2.9. Дацаран

**Пайдаэца литература**

**Арсаханов И.Г.** ХӀинцалера нохчийн мотт. Лексикология, фонетика, морфология. Соьлжа-ГӀала, 1965. – 215 с.

**Дешериев Ю.Д.** Сравнительно-историческая грамматика нахских языков и проблемы происхождения и исторического развития горских кавказских народов. – Грозный, 1963. – 556 с.

**Джамалханов З.Д. Мачигов М.Ю.** Нохчийн мотт: Лексикологи, фонетика, морфологи. I дакъа – Соьлжа-ГӀала, 1964. – 269 с.

**Тимаев В.Д.** ХӀинцалера нохчийн мотт. Лексикологи. Фонетика. Морфологи. ГУП ИПК «Грозненский рабочий», 2-г1а изд., Соьлжа-г1ала, 2007. – 415 с.

**Халидов А.И.** Грамматика чеченского языка. В трех томах. Том II. Морфология. Грозный, 2023. С. 799

**Халидов А.И.** Нохчийн меттаӀилманийн терминийн лугӀат. Соьлжа-ГӀала, 2012. – 448 с.

**Лекцехь духьалкхета коьрта терминаш**: йуьхь, йаххьийн, гайтаран, тӀеозоран, дерзоран, дерзоран-тӀеозоран, хаттаран, къастаман, къастамза, дацаран

### 1. ЦӀерметдешна йукъара маьӀна

ХӀуманан цӀе а ца йоккхуш, йа цуьнан мухаллий, масаллий билгал а ца йеш хӀума билгалйечу къамелан декъах цӀерметдашо олу.

Масала:

*Хьо деша дӀаволало.* **Хьо** бохучу цӀерметдашо, къамел деш волчуьнца йолчу йукъаметтиге хьаьжжана, цхьа стаг билгалво. Схьаоьцур вай хӀара тайпа масал: *Аудиторехь* ***ткъе пхи*** *студент Ӏа. Селхана а вара аудиторехь* ***массо а*** *студент.*

Гуш ма-хиллара, хьалхарчу предложенехь аудиторехь болчу «**ткъе пхиъ**» бохучу терахьдашо студентийн масалла билгалйаьккхина. Ткъа, цӀерметдашо **массо а** аудиторехь болчеран а, йукъарчу масаллин а йукъаметтиг билгалйоккху.

Аудиторехь массо а ву ала цу чохь мел верг вагарварх тоам хуьлуш бац, хаа дезаш ду церан йукъара масалла.

Цу хьокъехь, цӀердешан маьӀна къастош, профессора В.Д. Тимаевс билгал ма-даккхара, ала дезаш ду – *хӀуманан, мухаллин, масаллин цӀе а ца йоккхуш, амма церан йукъара гайтар шена чохь долу лааме къамелан дакъа ду цӀерметдош.*

Далор вай кхин а масалш.

***КӀант*** *доьшуш ву.* ***Иза*** *пхоьалгӀачу классехь ву.* ***Цо*** *дешар дика Ӏамадо.* ***Цуьнан*** *йиша а йу ворхӀалгӀачу классехь доьшуш. Йишас* ***цунна*** *гӀо до урокаш Ӏамо.*

Цу предложенешкахь **иза, цо, цуьнан, цунна** боху цӀерметдешнаш **кӀант** бохучу цӀердешан, цунах схьадевллачу **кӀанта, кӀентан, кӀантана** бохучу цӀердешнийн лач дожарийн форманийн метта лелаш ду.

Цхьадолу цӀерметдешнаш дожаршца, цӀердешнаш санна хийцало. масала: **со, сан, суна, ас(а), соьца, сох, соьга, сол**;

Цхьадолу цӀерметдешнаш лааме билгалдешнаш санна легало:

*вайниг, вайчун, вайчунна, вайчо, вайчуьнца, вайчух, вайчуьнга, вайчул*;

Цхьадолу цӀерметдешнаш лаамаза билгалдешнаш санна легало:

*кхин йоӀ, кхечу йоьӀан, кхечу йоӀана, кхечу йоӀа, кхечу йоӀаца, кхечу йоӀах, кхечу йоӀе, кхечу йоӀал.*

ЦӀерметдешнаш, шайн маьӀнашка хьаьжжана, тайпанашка декъало.

Филологин Ӏилманан доктора, профессора В.Д.Тимаевс шен «ХӀинцалера нохчийн мотт. Лексикологи, фонетика, морфологи» цӀе йолчу киншки тӀехь цӀерметдешнийн хӀара тайпанаш билгалдоху: йа**ххьийн, гайтаран, тӀеозоран, дерзоран, дерзоран-тӀеозоран, хаттаран, къастаман, къастамза, дацаран.**

## 2. ЦӀерметдешан тайпанаш

### 2.1. Йаххьийн цӀерметдешнаш

Йаххьийн цӀерметдешнаша къамелехь дакъа лоцурш билгалбоху, цундела йаххьийн цӀерметдешнийн цхьаллин терахьехь а кхо йуьхь йу, дукхаллин терахьехь а кхо йуьхь йу. ***Хьалхарчу йуьхьо*** къамел деш верг билгалвоккху **(со – тхо//вай)**. Деш долу къамел шена леринарг билгалвоккху ***шолгӀачу йуьхьо*** **(хьо – шу)**. Ткъа шех лаьцна дуьйцучу къамелехь

вуьйцург билгалво ***кхоалгIачу йуьхьо*** **(и//иза – уьш//уьзуш),** цу йуьхьо билгалвеш верг къамелехь дакъа лоцуш вац.

Нохчийн меттан йаххьийн цIерметдешнийн башхалла, кхечу дуккха а долчу метттанийн а санна, хьалхарчу йуьхьан дукхаллин терахьехь ши форма йу: *вай, тхо*: хьалхарниг **«вай»** – инклюзив (*хьо* йуккъе лоцуш) (инклюзив – француз.термин, обозначающий «включающий в себя», от лат.слова «включаю)», шолгIаниг **«тхо»** – эксклюзив (хьо йуккъе ца лоцуш) (эксклюзив «мы без тебя», «исключающий», невключенность адресата речи). Цул сов, нохчийн меттан цIерметдешнийн башхалла йу, церан кхоалгIачу йуьхьан шайн форма цахилар. Дуккха а кхидолчу меттанашкахь а санна, нохчийн маттахь цIерметдешнийн кхоалгIа йуьхь гайтаран цIерметдешнех йуьззана къаьстина йаьлла йац, матто цхьацца гIулчаш цу агIорхьа йаьхнехь а (цунах лаьцна лахахь хьовса).

Йаххьийн цIерметдешнийн лааме легадаларан кеп бен йац. Дожаршкахь йаххьийн цIерметдешнийн хийцадаларан ша-тайпа башхалла йу, цIердешнийн хийцадаларца дуьстича.

ЦIерметдешнийн легадаларан коьрта некъ билгалбакхарехь дожарийн флексеш а, легалуш йолу лардаш а къасто йеза, цул тIаьхьа билгалйаха йеза цу лардашкахь хуьлуш йолу цхьацца йолу фонетически процессаш.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ЦI. | *суо* | *хьуо* | *тхуо* | *шу* | |
| Д. | *сан* | *хьан* | *тхан* | *шун* | |
| Л. | *суна* | *хьуна* | *тхуна* | *шуна* | |
| Др. | *ас ахь* | *оха* | *аш* | | |
| К. | *суо̄ьца* | *хьуо̄ьца* | | *тхуо̄ьца* | *шуьца* |
| М. | *суо̄ьга* | *хьуо̄ьга* | | *тхуо̄ьга* | *шуьга* |
| Х. | *суох* | *хьуох* | *тхуох* | *шух* | |
| Дс. | *суол* | *хьуол* | *тхуол* | *шул* | |

Iерниг дожаран, гуш ма-хиллара, шен флекси йац, ткъа доланиг а, дийриг а дожарийн форманаш, кхидолчу дожарийн форманашца йуьстича, къаьсттина лаьтта.

Дожарийн флексеш массо а цIерметдешнийн йукъара йу. Дийриг дожарехь *а-са, а-хьа, а-ша* форманаш хиларо таро хуьлуьйту, йуьхьаьнцара форманаш кху кепара хилла, ала: *са, хьа, ша, йа*здо Iилманчаша. (**Керлачу бакъонашца нийса ду: ас, ахь, аш йаздар)**

Дийриг дожаран форманийн башхалла йу (кхечу дожарийн форманех уьш къаста а йеш) ораман (лардан) йуьхьаьнцарчу мукъазчу озана хьалха проклитически хуттург *а* хIоттар (*а-с, а-хь, а-ш*) (проклитический – греч.термин «впереди, вперед»). И

проклитически *а* йухаметтахIоттийначу цIерниг дожаран форманашна хьалха хIутту (*са, хьа, ша, тха*).

Цу тайпана дийриг дожаран форма кхоллайаларан а шен исторически некъ бу.

Амма цу вай аьллачунна йуккъера долу хьалхарчу йуьхьера дукхаллин терахьан цIерметдош (инклюзив – *вай*). Хьовсур вай цуьнан дожарийн форманашка:

| | |
|---|---|
| *ЦI.* ***вай*** | *К. вай-ца* |
| *Дл. вай-н* | *М. вай-га* |
| *Л. вай-на* | *Х. вай-х* |
| *Др.* ***вай*** | *Дс.вай-л* |

Гуш ма-хиллара, цIерниг а, дийриг а дожарийн форманаш цу цIерметдешан къаьсташ йац. Кхузахь дийриг дожаран метта цIерниг дожар лелар йуьхьаьнцара хIума ду.

Дожарийн форманаша гойтуш ма-хиллара, хьалхарчу а, шолгIачу а йуьхьера йаххьийн цIерметдешнийн (хьалхарчу йуьхьан дукхаллин терахьан форма *вай* йукъарайаькххича) легадалар цхьанатайпанара хуьлу.

ЦIерниг а, дийриг а дожарийн форманаш цIерметдешнийн легадаларехь шаьш къаьсттина лаьтташ йу. Ткъа кхидолу лач дожарш цIердешнийн йоллу аффиксаш тIекхетарца кхоллало нохчийн маттахь. (*Цу цIерметдешнийн дожарийн форманашка хьажа лакхахь.*)

КхоалгIачу йуьхьан цIерметдешнийн гIуллакх кхочушдеш нохчийн маттахь гайтаран цIерметдешнаш ду. Iилманан литературехь йа***ххьийн гайтаран цIерметдешнаш*** а олу царах. Уьш ду: цхьаллин терахьехь – *иза//и*; дукхаллин терахьехь – *уьш//уьзаш*.

Гайтаран цIерметдешнийн гIуллакх кхочушдеш лелаш йолу вай билгалйаьхна форманаш шайн хIоттамца а, легайаларца а дикка къаьсташ йу хьалхарчу а, шолгIачу а йаххьашкарчу йаххьийн цIерметдешнех.

КхоалгIачу йуьхьехь хIара лардаш лела:

цхьаллин терахь:

хьалхара ланд (цIерниг дожар) – *иза, и,* шолгIа лард (лач дожарш) – *цу*;

дукхаллин терахь:

хьалхара лард (цI. д.) – *уьш//уьзаш,* шолгIа лард (лач дожарш) / *(а) цар*.

| | |
|---|---|
| *ЦI. иза//и* | *уьш//уьзаш* |
| *Дл. цуь-нан* | *цер-ан* |
| *Л. цу-нна* | *цар-на* |
| *Др. цуо̄* | *цар-а* |
| *К. цуь-нца* | *цаьр-ца* |

*М. цуь-нга* *цаьр-га*

*Х. цу-нах* *цар-ах*

*Дс. цу-л* *цар-ал*

Далийнчу масалшкахь вайна ма-гарра, кхоалгIачу йуьхьерчу цIерметдешнийн легадалар шина лардаца хуьлуш ду. Хьалхара лард – цIерниг дожаран форма йу, ткъа шолгIа лард лач дожарийн форманашкахь лела.

КхоалгIачу йуьхьерчу цIерметдешнийн легадалар *супплетивни* (лард хуьйцуш) хуьлуш ду.

Билгалдаккха дезаш ду нохчийн маттахь гайтаран цIерметдешнашна йуккьера йаххьийн цIерметдешнийн кхоалгIа йуьхь схьакъаста гIерташ хилар.

Йаххьийн цIерметдешнийн синтаксически башхалла – уьш хIуманан цIарца цхьаьна лелаш, къастаман гIуллакх кхочушдан йиш йолуш цахилар ду. Ткъа гайтаран цIерметдешнаша хIуманан цIарца цхьаьнакхетарехь къастаман гIуллакх кхочушдо. Цу тIе доьгIча, вай билгалдаккха тарло, цIерметдош **иза** йаххьийн цIерметдешнашкахьа узуш хилар, ткъа цIерметдош **и**, хIуманан цIарца цхьаьнакхетарехь къастаман гIуллакх кхочуш а деш, шен коьрта башхаллашца гайтаран маьIна алсам а долуш, гайтаран цIерметдешнашкахьа узуш хилар. Масала, **ала тарлур дац**: *иза кIант, иза де, иза къолам,* **амма ала йиш йу**: *и кIант, и де, и къолам*.

**Йаххьийн цIерметдешнийн нийсайаздаран керла бакъонаш:**

**Со, хьо, тхо, шу** бохучу йаххьийн цIерметдешнийн хотталург, дустург дожарийн кепаш ораман мукъа аз ца хуьйцуш йазйо.

***Масала:*** сох, сол, хьох, хьол, тхох, тхол, шух, шул.

**ГIалат хир ду хIокху кепара йаздар**: *соьх, соьл, хьоьх, хьоьл, тхоьх, тхоьл, шуьх, шуьл.*

**Шу** боху цIерметдош коьчалниг, меттигниг дожаршкахь кху кепара йаздо: *шуьца, шуьга.*

**ГIалат хир ду иштта йаздар**: *шоьца, шоьга.*

**Со, хьо, шу** боху цIерметдешнаш дийриг дожарехь **ас, ахь, аш** йаздо.

Билгалдаккхар. **Исбаьхьаллин текстaшкахьмаьIница догIучохь аса, ахьа, аша** йаздан а магадо.

## 2.2. ГАЙТАРАН ЦIЕРМЕТДЕШНАШ

Гайтаран цIерметдешнаш нохчийн маттахь гайтарца билгалйоккхуш йолчу хIуманан меттиге хьаьжжана, къастало. Гайтаран цIерметдешнийн форманашкахь хIара лардаш лела:

***Хьалхара тайпа***.

Цхьаллин терахь:

Хьалхара лард (цIерниг дожар) – хIара

ШолгIа лард (лач дожарш) – *хIокху // кху*

Дукхаллин терахь:

Хьалхара лард (цIерниг дожар) – *хIорш*

ШолгIа лард (лач дожарш) – *хIоккхар // ккхар*

| | |
|---|---|
| *ЦI. хIорш* | *хIара* |
| *Дл. хIоккхер-а$^{н}$ // ккхера$^{н}$* | *хIокхуь-на$^{н}$ // кхуьна$^{н}$* |
| *Л. хIоккхар-на // ккхарна* | *хIокху-нна // кхунна* |
| *Др. хIоккхар-а // ккхара* | *хIокхуо //кхуо̄* |
| *К. хIоккхаьр-ца // ккхаьрца* | *хIокхуь-нца // кхуьнца* |
| *М. хIоккхаьр-га // ккхаьрга* | *хIокхуь-нга // кхуьнга* |
| *Х. хIоккхар-ах // ккхарах* | *хIокху-нах // кхунах* |
| *Дс. хIоккхар-ал // ккхарал* | *хIокху-л // кхул* |

***ШолгIа тайпа***. ХIокху тайпана чудогIу гайтаран цIерметдешнийн маьIнехь кхоалгIачу йуьхьан йаххьийн цIерметдешнаш лела: и//иза, уьш//уьзуш.

| | |
|---|---|
| *ЦI. иза//и* | *уьш//уьзаш* |
| *Дл. цуь-нан* | *цер-ан* |
| *Л. цу-нна* | *цар-на* |
| *Др. цуо̄* | *цар-а* |
| *К. цуь-нца* | *цаьр-ца* |
| *М. цуь-нга* | *цаьр-га* |
| *Х. цу-нах* | *цар-ах* |
| *Дс. цу-л* | *цар-ал* |

***КхоалгIа тайпа***. КхоалгIачу тайпанан гайтаран цIерметдешнийн метта лелаш меттиган куцдешнийн форманаш *дIора//дIара* йу. Церан дожаршкахь хийцадалар, билгалдешнийн санна ду:

| | |
|---|---|
| *ЦI. дIораниг* | *хьуьлларниг* |
| *Дл. дIорачун* | *хьуьлларчун* |
| *Л. дIорачунна* | *хьуьлларчунна* |
| *Д. дIорачуо̄* | *хьуьлларчуо̄* |
| *К. дIорачуьнца* | *хьуьлларчуьнца* |
| *М. дIорачуьнга* | *хьуьлларчуьнга* |
| *Х. дIорачух* | *хьуьлларчух* |

*Дс. дIорачул* *хьуьлларчул*

Оцу тайпана хийцало гайтаран цIерметдешнаш *кхузарниг* а, *цигарниг* а. Гайтаран цIерметдешнаш лаамечу а, лаамазчу а форманашкахь лела. Церан лаамазчу формин дожаршкахь хийцайалар, лаамазчу билгалдешнийн санна, йу.

*ЦI. кхузара стаг* *цигара цIа*

*Дл. кхузарчу стеган* *цигарчу цIийнан*

*Л. кхузарчу стагана* *цигарчу цIенна*

*Др. кхузарчу стага* *цигарчу цIийнуо*

*К. кхузарчу стагаца* *цигарчу цIенца*

*М. кхузарчу стагие* *цигарчу цIийние*

*Х. кхузарчу стагах* *цигарчу цIийнах*

*Дс. кхузарчу стагал* *цигарчу цIийнал*

Гуш ма-хиллара, лаамазчу формин легайаларан ши форма йу: цIерниг дожаран а, лач дожарийн а.

Керлачу бакъонашца

**Уьш, хIорш, вуьйш, ишттанаш, оццулнаш, хIоккхулнаш** боху цIерметдешнаш хотталург, дустург дожаршкахь кху кепара йаздо: *царах, царал; кхарах, кхарал; хIокхарах, хIокхарал; вукхарах, вукхарал; иштачарах, иштачарал; оццулчарах, оццулчарал; хIоккхулчарах, хIоккхулчарал*

**ГIалат хир ду иштта йаздар:** *царех, царел, кхарех, кхарел, чарел, чарех*.

### 2.3. ТIЕОЗОРАН ЦIЕРМЕТДЕШНАШ

ТIеозоран цIерметдешнаш нохчийн маттахь йаххьийн цIерметдешнех кхоллалуш ду. Амма, йукъаметтигаллин билгалдешнаш санна, тIеозоран цIерметдешнийн метта лелаш йаххьийн цIерметдешнийн доланиг дожаран форма йу. Цу тайпана долчу цIерметдешнех профессора Н.Ф. Яковлевс йаххьийн-тIеозоран цIерметдешнаш аьлла. Цу цIерметдешнийн легадаларан цхьа кеп бен йац. Уьш предложенехь хIуманан цIарца бен хуьлуш а дац, цундела церан легадаларан лаамаза кеп бен ца хуьлу.

*ЦI. сан да* *хьан куьг*

*Дл. сан ден* *хьан куьйган*

*Л. сан дена* *хьан куьйгана*

*Др.сан дас* *хьан куьйго*

*К. сан деца* *хьан куьйгаца*

*М. сан дега* *хьан куьйгие*

*Х. сан дех* *хьан куьйгах*

*Дс.сан дел* *хьан куьйгал*

Иштта ду хьалхарчу а, шолгІачу а йаххьашкарчу тІеозоран цІерметдешнийн дукхаллин терахьан форманаш (*вайн, тхан, шун*) дожаршца хийцайалар а. Амма кхоалгІачу йуьхьан тІеозоран цІерметдешнийн легадаларан ши форма йу. Лааме форма, билгалдешнаш а санна, -*ниг* суффиксан гІоьнца кхоллалуш йу, ткъа цу цІерметдешнийн лаамазчу формехь лелаш дерг шен схьадаларца йаххьийн цІерметдешнийн кхоалгІачу йуьхьан цІерметдешан доланиг дожаран форма йу (цхьаллин а, дукхаллин а терахьашкахь).

***Лаамаза легадалар***

| | |
|---|---|
| *ЦІ. цуьнан говр* | *церан нана* |
| *Дл. цуьнан говран* | *церан ненан* |
| *Л. цуьнан говрана* | *церан нанна* |
| *Др. цуьнан говруо̄* | *церан нанас* |
| *К. цуьнан говраца* | *церан ненаца* |
| *М. цуьнан говриē* | *церан нениē* |
| *Х. цуьнан говрах* | *церан ненах* |
| *Дс. цуьнан говрал* | *церан ненал* |

***Лааме легадалар***

| | |
|---|---|
| *ЦІ. цуьна-ниг* | *церанаш* |
| *Дл. цуьна-чу-н* | *цера-чер-ан* |
| *Л. цуьна-чу-нна* | *цера-чар-на* |
| *Др. цуьна-чуо̄* | *цера-чар-а* |
| *К. цуьна-чуь-нца* | *цера-чаьр-ца* |
| *М. цуьна-чуь-нга* | *цера-чаьр-га* |
| *Х. цуьна-чу-х* | *цера-чар-ах* |
| *Дс. цуьна-чу-л* | *цера-чар-ал* |

***Керлачу бакъонашца:***

**§ 47.** Дукхаллин терахьан лаамечу доладерзоран цІерметдешнийн хотталург, дустург дожарийн йазйан магийна чаккхенаш ***-чарах, -чарал*** йу.

***Масала:*** вайнаш – вайчарах, вайчарал, тхайнаш – тхайчарах, тхайчарал, и. д. кх. а.

**§ 48.** Лаамечу доладерзоран цIерметдешнийн цхьаллин терахьан лач дожарийн чаккхенаш кху кепара йазйо: ***-чун, -чунна, -чо, -чуьнца, -чух, -чуьнга, -чул.*** Церан дукхаллин терахьан лач дожарийн чаккхенаш иштта йазйо: ***-черан, -чарна, -чара, -чаьрца, -чарах, -чаьрга, -чарал.***

**Масала:** вайниг, вайчун, вайчунна, вайчо, вайчуьнца, вайчух, вайчуьнга, вайчул; вайнаш, вайчеран, вайчарна, вайчара, вайчаьрца, вайчарах, вайчаьрга, вайчарал.

## 2.4. ДЕРЗОРАН ЦIЕРМЕТДЕШНАШ

Нохчийн маттахь дерзоран цIерметдешнийн цхьаллин терахьехь кхаа йуьхьан форма йу, дукхаллин терахьехь йеа йуьхьан форма а йу. Хьалхарчу грамматикица догIуш, нохчийн меттан **дерзоран цIерметдешнийн ши кеп а йу – цхьалхе а, чIагIдаран а.** Амма нохчийн меттан нийсайаздаран бакъонашца йаххьийн цIерметдош дерзоран цIерметдешнашца йаздарехь йуккъера дефис дIайаккхар хиларе терра, чIагIдаран кеп хIинца лоруш йац. Хьалхарчу шина йуьхьехь, шина а терахьехь, цхьалхечу формехь, фонетически хийцамаш хилла, йаххьийн цIерметдешнийн лардаш лела. Масала: ***суō, хьуō, тхаьш, ваьш, шаьш***. Дукхаллин терахь йаххьийн цIерметдешнашна тIе суффикс ***-ш*** кхетарца кхоллало, лардехь хийцамаш хиларца цхьаьна *(тхаь**ш**, ваь**ш**, шаь**ш**)* дерзоран цIерметдешнаш. Дерзоран цIерметдешнийн кхоалгIа йуьхь, йаххьийн цIерметдешнех ца кхоллалуш, кхечу лардах кхоллало (супплетивно), масала: *иза йа*ххьийн цIерметдашах ***ша*** дерзоран цIерметдош; *шу* – 2 йуьхьан *йа*ххьийн цIерметдашах а, *уьш//уьзуш* – 3 йуьхьан йаххьийн цIерметдашах а ***шаьш*** дерзоран цIерметдош.

**Дерзоран цIерметдешнийн легадаларан башхаллаш:**

***Цхьаллин терахь (цхьалхе кеп)***

| | | |
|---|---|---|
| *ЦI. суō* | *хьуō* | *шā* |
| *Дл. сайн* | *хьайн* | *шиēн* |
| *Л. сайна* | *хьайна* | *шиēна* |
| *Др. айса* | *айхьа* | *шā* |
| *К. сайца* | *хьайца* | *шиēца* |
| *М. сайга* | *хьайга* | *шиēга* |
| *Х. сайх* | *хьайх* | *шиех* |
| *Дс. сайл* | *хьайл* | *шиел* |

Цу цIерметдешнийн легадалар шина лардаца ду. Дерзоран цIерметдешан легадалар шина лардаца ду. Дерзоран цIерметдешан хьалхарчу йуьхьан цхьаллин терахьехь легадаларан ши лард йу: хьалхара лард – цIерниг дожаран лард (*суо*), шолгIа лард – лач дожарийн лард (*сай*). Дийриг дожарехь *айса* форма лела. ШолгIачу йуьхьан дерзоран

цIерметдешан легадаларан а ши лард йу: хьалхара лард – цIерниг дожаран лард (*хьуō*); шолгIа лард – лач дожарийн лард (*хьай*). Дийриг дожарехь *айхьа* форма лела.

КхоалгIачу йуьхьан дерзоран цIерметдешан легадалар а шина лардаца хуьлу: хьалхара лард – цIерниг дожаран лард (*шā*); шолгIа лард - лач дожарийн лард (*шиē*). Дийриг дожарехь *ша* форма лела.

***Дукхаллин терахь* (*цхьалхе кеп*)**

| | | |
|---|---|---|
| *ЦI. ваьш* | *тхаьш* | *шаьш* |
| *Дл. вēша*$^{н}$ | *тхеша*$^{н}$ | *шай*$^{н}$ |
| *Л. ваьшна* | *тхаьшна* | *шайна* |
| *Др. ваьш* | *тхаьш* | *шаьш* |
| *К. ваьшца* | *тхаьшца* | *шайца* |
| *М. ваьшка* | *тхаьшка* | *шайга* |
| *Х. ваьшха//вайх* | *тхаьшха//тхайх* | *шайх* |
| *Дс. вайл* | *тхайл* | *шайл* |

Дукхаллин терахьехь а дерзоран цIерметдешнаш шина лардаца легало: хьалхара лард – цIерниг дожаран лард (*ваьш, тхаьш, шаьш*); шолгIа лард - доланиг дожаран лард (*вēша, тхēша, шай).*

КхоалгIачу йуьхьан дукхаллин терахьехь лач дожарийн форманаш кхоллайалар, шолгIачу йуьхьан дукхаллин терахьан санна ду. Дийриг дожарехь шолгIачу а, кхоалгIачу а йуьхьехь дукхаллин терахьехь *шаьш* лела.

## 2.5. ДЕРЗОРАН-ТIЕОЗОРАН ЦIЕРМЕТДЕШНАШ

Нохчийн маттахь дерзоран-тIеозоран цIерметдешнаш дерзоран цIерметдешний доланиг дожаран формех кхоллалуш ду, йаххьийн цIерметдешнийн йоллучул йаххьаш а йу церан. Дерзоран цIерметдешнийн цхьалхечу формех дерзоран-тIеозоран цхьалхе форма кхоллало, дерзоран цIерметдешнийн чIагIдаран формех дерзоран-тIеозоран цIерметдешнийн чIагIдаран форма кхоллало. Масала: дерзоран-тIеозоран цхьалхе форма - ***сайн, хьайн, шиен, тхешан, вешан, шайн***. Уьш кхолладелла *суō, хьуō, шā, тхаьш, ваьш, шаьш* бохучу дерзоран цIерметдешнийн доланиг дожаран формех.

**Дерзоран-тIеозоран цIерметдешнийн маьIнехь лелаш йу дерзоран цIерметдешнийн доланиг дожаран форма.**

Нохчийн меттан дерзоран-тIеозоран цIерметдешнаш лааме а, лаамаза а хила йиш йу. Масала, **лаамаза форманаш**: *сайн къолам, хьайн да, тхешан цIа, вешан декхар, шайн лаам;* **лааме** форма*: хьайниг, шайниг.*

Дерзоран-тIеозоран цIерметдешнийн лаамаза форманаш шайца уьйр йолчу хIуманийн цIерийн тIеозоран къастаман маьIнехь лела (*сайн да, сан-сайн книга*). **Дерзоран-тIеозоран цIерметдешнийн**, лааме а, лаамаза а форманаш хиларе хьаьжжана, **шина тайпана легадалар а ду: лааме легадалар а, лаамаза легадалар а**.

Дерзоран-тIеозоран цIерметдешнийн дожаршкахь хийцадалар, билгалдешнийн санна, ду. Цу цIерметдешнийн цхьаллин терахьан лааме форма легалуш, -*чу* тIекхетарца шолгIа лард кхоллало, ткъа дукхаллин терахьан лааме форма легалуш, шолгIа лард -*чар* тIекхетарца кхоллало. ШолгIа лард кхоллайелча (-*чу, -чар* тIекхетарца), дожарийн флексеш тIекхета.

| | |
|---|---|
| *ЦI. сайниг* | *вешанаш* |
| *Дл. сай-чу-н* | *веша-чер-ан* |
| *Л. сай-чу-н-на* | *веша-чар-на* |
| *Др. сай-чуō* | *веша-чар-а* |
| *К. сай-чуь-н-ца* | *веша-чаьр-ца* |
| *М. сай-чуь-н-га* | *веша-чаьр-га* |
| *Х. сай-чу-х* | *веша-чар-ах* |
| *Дс. сайчу-л* | *веша-чар-ал* |

Иштта хийцало дожаршкахь кхидолу лааме дерзоран-тIеозоран цIерметдешнаш а.

Дерзоран-тIеозоран цIерметдешнийн лаамаза форманаш хийцалуш, цIерметдешнаш хийца ца ло, ткъа цаьрца уьйр йолу хIуманан цIерш, шайн дожарийн флексеш тIе а кхеташ, хийцало.

| | |
|---|---|
| *ЦI. сайн ирс* | *тхан-тхешан дахар* |
| *Дл. сайн ирс-ан* | *тхан-тхешан дахар-ан* |
| *Л. сайн ирс-а-на* | *тхан-тхешан дахар-на* |
| *Др.сайн ирс-уō* | *тхан-тхешан дахар-уō* |
| *К. сайн ирс-а-ца* | *тхан-тхешан дахар-ца* |
| *М. сайн ирс-иē* | *тхан-тхешан дахар-иē* |
| *Х. сайн ирс-а-х* | *тхан-тхешан дахар-ах* |
| Дс.*сайн ирс-а-л* | *тхан-тхешан дахар-ал* |

## 2.6. ХАТТАРАН ЦIЕРМЕТДЕШНАШ

Уьш ду: ***мила? муьлш? хIун? муьлха? муха? мел? маса? мосалгIа?***

Шайн легадаларехь къаьсттина дукха башхаллаш йолуш ду хаттаран цIерметдешнаш ***мила? хIун?***

***Мила?*** бохучу цIерметдашца хаттар хIоттадо адамах лаьцна хоттуш, ткъа кхийолчу хIуманех лаьцна хаттар хIоттош (чохь са долу хIума йелахь а), ***хIун?*** бохучу цIерметдашца хотту.

В.Д. Тимаевс йаздо «Кхузахь гучудолу хьалха заманахь хIуманан цIерш адамийн классе а, кхечу хIуманийн классе а йекъалуш хилла хилар а, ткъа цу кепара хIуманийн цIерш классашка йекъалуш хилла хиларан лар хаттаран цIерметдешнашкахь бен йисина цахилар а».

**Шатайпа ду *мила? хIун?* бохучу хаттаран цIерметдешнийн легадалар а.**

*ЦI. мила? хIун?*
*Дл. хьенан? стиенан?*
*Л. хьанна? стиенна?*
*Др. хьан? стиен?*
*К. хьаьнца? стиенца?*
*М. хьаьнга? стиенга?*
*Х. хьанах? стиēнах?*
*Дс. хьанал? стиēнал?*

Цу цIерметдешнийн легадалар шина лардаца хуьлуш ду: хьалхара лард - цIерниг дожаран лард (*мила? хIун?*); шолгIа лард - лач дожарийн лард (*хьан? стие (н)?*).

Гуш ма-хиллара, цIерметдешнийн *мила? хIун?* легадалар супплетивно хуьлуш ду: шолгIачу лардан кхин орам бу (*хьан? стиен?*).

Схьахетарехь, *хьан?* боху лард хьалха заманахь цIерниг а, дийриг а дожаршкахь лелаш хиллачух тера ду, амма и ши дожар къасторхьама, нохчийн матто цIерниг дожаран форма кхечу маттера тIеэцна хила а тарло. *Мила?* бохучу цIерметдешан форма гуьржийн меттан а, нохчийн меттан а йукъара хила тарло бохуш, академика А.С. Чикобавас а йаздо. Шен къаьсттина меттиг дIалоцуш ду цу цIерметдешнийн легадаларехь дийриг дожар. Дийриг дожаран форма йу шолгIа лард хилла лелаш йерг, ткъа дерриг кхидолу лач дожарш дийриг дожарх кхоллало, бохуш йаздо Ваха Тимаевс.

Хаттаран цIерметдош ***маса?*** йагарйан йиш йолчу хIуманах лаьцна хаттар хIоттош лелаш ду (при перечислении кого, чего-либо), маса йоI? маса де? маса Iуьйре? Ткъа йагарйан йиш йоцчу хIуманах лаьцна хаттар хIоттош цIерметдош ***мел?*** хIоттадо (количество и величина), мел нах? мел хи?

И ши цIерметдош лааме а, лаамаза а хила йиш йу. Лаамазчу формехь хIуманан цIарца уьйр йолуш лела уьш, ткъа лааме форма билгалйолу и цIерметдешнаш шаьш

леларца. Лааме а, лаамаза а форма хиларе терра, легадаларан лааме а, лаамаза а кепаш йу церан.

| | | | |
|---|---|---|---|
| *ЦI. маса?* | *мел?* | *маса стаг?* | *мел йалта?* |
| *Дл. масаннан?* | *меланнан?* | *маса стеган?* | *мел йалтин?* |
| *Л. масанна?* | *меланна?* | *маса стагана?* | *мел йалтина?* |
| *Др.* ***масамма****?* | *меланнуо?* | *маса стага?* | *мел йалтуо?* |
| *К. масанца?* | *меланца?* | *маса стагаца?* | *мел йалтица?* |
| *М. масанга ?* | *меланга?* | *маса стагие?* | *мел йалтие?* |
| *Х. масаннах?* | *меланнах?* | *маса стогах?* | *мел йалтиех?* |
| *Дс. масаннал?* | *меланнан?* | *маса стагал?* | *мел йалтиел?* |

**Маса***?* бохучу хаттаран цIерметдешан дожарийн чаккхенаш, керлачу бакъонашцa, кху кепара йазйо: **-ннан, -нна, -мма /-ммо, -нца, -ннах, -нга, -ннал.**

**Масала:**

***ЦI.*** *маса?*

***Дл.*** *масаннан?*

***Л.*** *масанна?*

***Др.*** ***масамма****? (-ммо) ?*

***К.*** *масанца?*

***Х.*** *масаннах?*

***М.*** *масанга?*

***Дс.*** *масаннал?*

Масалшкахь гуш ма-хиллара, *мел? маса?* бохучу хаттаран цIерметдешнийн лаамаза форма дожаршкахь хийцалуш а йац; лааме форма хийцало, дожарийн флексеш тIе а кхеташ.

Хаттаран цIерметдош ***мосалгIа?*** шен схьадаларца *маса?* бохучу формица доьзна ду. *МосалгIа?* хаттаран цIерметдош лаамечу а, лаамазчу а форманашкахь лела йиш йолуш а ду иза, цуьнга хьаьжжана, легадаларан лааме а, лаамаза а кепаш а йу цуьнан. Цу цIерметдешан легадаларан башхаллаш билгалдешан легадаларан башхаллашца цхьаьна йогIуш йу (1, 3 легарна чудогIу билгалдешнийн санна хуьлу цуьнан лааме а, лаамаза а легадалар).

| | |
|---|---|
| *ЦI. мосалгIа шо?* | *мосалгIаниг?* |
| *Дл. мосалгIачу шеран?* | *мосалгIачун?* |
| *Л. мосалгIачу шарна?* | *мосалгIачунна?* |
| *Др. мосалгIачу шаруō?* | *мосалгIачуō?* |
| *К. мосалгIачу шарца?* | *мосалгIачуьнца?* |

*М. мосалгIачу шариē?* *мосалгIачуьнга?*

*Х. мосалгIачу шарах?* *мосалгIачух?*

*Дс. мосалгIачу шарал?* *мосалгIачул?*

Хаттаран цIерметдош ***муьлха?*** шен схьадаларца *мила?* бохучу хаттаран цIерметдашах доьзна хиларх лаьцна йаздо Тимаев Вахас, ткъа билгалдешан башхаллаш шеца йолуш а ду. И башхаллаш легадаларехь билгалйовлуш йу, уьш легало мухаллин лаамаза а, лааме а билгалдешнаш санна (1, 3 легарна чудогIучу билгалдешнийн санна хуьлу цуьнан лааме а, лаамаза а легадалар).

*ЦI. муьлха дийцар?* *муьлханиг?*

*Дл. муьлхачу дийцаран?* *муьлхачун?*

*Л. муьлхачу дийцарна?* *муьлхачунна?*

*Др.муьлхачу дцйцаруō?* *муьлхачуō?*

*К. муьлхачу дийцарца?* *мулхачуьнца?*

*М. муьлхачу дийцариē?* *муьлхачуьнга?*

*Х. муьлхачу дийцарах?* *муьлхачух?*

*Дс. муьлхачу дийцарал?* *муьлхачул?*

Хаттаран цIерметдешний дукхаллин терахьан форманаш муханаш? муьлханаш? дукхаллин терахьан билгалдешнийн санна легадалар долуш йу.

*ЦI. муханаш?* *муьлханаш?*

*Дл. мухачеран?* *муьлхачеран?*

*Л. мухачарна?* *муьлхачарна?*

*Др. мухачара?* *муьлхачара?*

*К. мухачаьрца?* *мулхачаьрца?*

*М. мухачаьрга?* *муьлхачаьрга?*

*Х. мухачарах?* *муьлхачарах?*

*Дс. мухачарал?* *муьлхачарал?*

Керла бакъонашца: **муханаш, муьлханаш** боху цIерметдешнаш хотталург, дустург дожаршкахь кху кепара йаздо: *мухачарах, мухачарал; муьлхачарах, муьлхачарал.*

**ГIалат хир ду иштта йаздар:** *чарел, чарех*.

## 2.7. КЪАСТАМАН ЦIЕРМЕТДЕШНАШ

Къастаман цIерметдешнийн маьIнехь лелаш нохчийн маттахь хIара форманаш йу: ***массо а, дерриге а, хIор, важа, кхин.***

Къастаман цIерметдош *массо а* кхолладелла *маса* бохучу хаттаран цIерметдашах (*маса ва*).

*Дерриге а* бохучу цIерметдашо *мел?* бохучу хаттарна жоп а ло, шен схьадалар *да*$^{н}$ *(ва*$^{н}$*, йа*$^{н}$*, ба*$^{н}$*)* бохучу грамматически классашца хийцалуш долчу хандашах кхоллайеллачу карарчу хенан причастин лаамечу формех долуш а ду (*ден гIуллакх – дериг*).

*ХIор* бохучу цIерметдешан форма *хIара* бохучу гайтаран цIерметдашах схьайаьлла йу, ала тарлур ду. Цу къастаман цIерметдешнийн кхолладаларх лаьцна йаздо В.Д. Тимаевс шен белхаш тIехь.

Къастаман цIерметдешнийн легадаларан башхаллаш хIокху кепара йу:

ЦIерметдешнаш ***хIор, дерриге а***, цхьадолу терахьдешнаш санна, хийцало дожаршкахь.

***Лааме легадалар***

| | |
|---|---|
| *ЦI. хIор* | *дерриге а* |
| *Дл. хIораннан* | *дерригенан а* |
| *Л. хIоранна* | *дерригенна а* |
| *Др. хIораммуō* | *дерригенуō а* |
| *К. хIоранца* | *дерригенца а* |
| *М. хIоранга* | *дерригенга а* |
| *Х. хIораннах* | *дерригенах а* |
| *Дс. хIораннал* | *дерригенал а* |

Лач дожаршкахь ***кху*** аьлла лард а хIуттуш, супплетивни хийцало дожаршкахь къастаман цIерметдош ***важа***. Лааме а, лаамаза а легадалар ду цу цIерметдешан.

| ***Лааме легадалар*** | ***Лаамаза легадалар*** |
|---|---|
| *I. важа* | *важа стаг* |
| *Дл. вукхуьнан* | *вукху стеган* |
| *Л. вукхунна* | *вукху стагана* |
| *Др. вукхуō* | *вукху стага* |
| *К. вукхуьнца* | *вукху стагаца* |
| *М. вукхуьнга* | *вукху стагие* |
| *Х. вукхунах* | *вукху стагах* |
| *Дс. вукхунал* | *вукху стагал* |

ЦIерметдош *кхин,* лааме а, лаамаза а билгалдош санна, легало (1, 3 легарна чудогIу билгалдешнаш санна).

| ***Лааме легадалар*** | ***Лаамаза легадалар*** |
|---|---|
| *ЦI. кхин лам* | *кхин* |
| *Дл. кхечу ломан* | *кхечун* |

| | |
|---|---|
| *Л.   кхечу ломана* | *кхечунна* |
| *Др. кхечу ломуō* | *кхечуō* |
| *К.   кхечу ломаца* | *кхечуьнца* |
| *М.  кхечу ломиē* | *кхечуьнга* |
| *Х.   кхечу ломах* | *кхечух* |
| *Дс. кхечу ломал* | *кхечул* |

ЦIерметдош *массо а* цIердош санна легало лаамечу формехь, ткъа лаамазчу легадаларехь цIерниг дожарехь а, лач дожаршкахь а цхьа форма йу цуьнан.

***легадалар***

| | |
|---|---|
| *ЦI.  массо а* | *массо а кIант* |
| *Дл.  массеран а* | *массо а кIентан* |
| *Л.   массарна а* | *массо а кIантана* |
| *Др. массара а* | *массо а кIанта* |
| *К.   массаьрца а* | *массо а кIантаца* |
| *М.  массаьрга а* | *массо а кIантие* |
| *Х.   массарах а* | *массо а кIантах* |
| *Дс. массарал а* | *массо а кIантал* |

Керлачу бакъонашцца **массо а, дерриге а,** бохучу цIерметдешнийн дожарийн кепаш иштта йазйо:

***Масала:***

*ЦI.      массо а*
*Дл.      массеран а*
*Л.       массарна а*
*Др.      массара а*
*К.       массаьрца а*
*Х.       массарах а*
*М.       массаьрга а*
*Дс.      массарал а*

***ЦI.***      *дерриге а*
***Дл.***      *дерригенан а*
***Л.***       *дерригенна а*
***Др.***      *дерригено а*
***К.***       *дерригенца а*
***Х.***       *дерригенах а*

***М.*** *дерригенга а*

***Дс.*** *дерригенал а*

## 2.8. КЪАСТАМЗА ЦIЕРМЕТДЕШНАШ

Къастамза цIерметдешнийн маьIнехь лелаш йу хIара форманаш: ***хIуъа а, милла а, цхьадерг, хьенех, минех, масех, маситта, мелла а.*** Къастамза цIерметдешан маьIнех лела тарлуш терахьдош ***цхьаъ*** ду. Масала: *Цхьаъ хилла вехаш.*

*Мила?* бохучу хаттаран цIерметдешан хотталург дожаран форма йу къастамза цIерметдош *хьенех* (дуста: *хьанах*). Ткъа къастамза цIерметдош *масех маса?* бохучу хаттаран цIерметдешан хотталург дожарах хилла ду. Хаттаран цIерметдош *маса?* а, масаллин терахьдош *итт* а цхьаьнакхетарца кхолладелла къастамза цIерметдош *маситта (маса-итт).*

*М*асаллин терахьдешан лард *цхьа,* лааме причасти *дерг ← дариг* а (и причасти ша *да//ду* бохучу грамматически классашца хийцалучу гIоьнан хандашах кхоллайелла йу) цхьаьнакхетарца хилла йу къастамза цIерметдешнийн форманаш *цхьадерг (цхьаверг, цхьаберг).*

Шен схьадалар *хIун?* бохучу хаттаран цIерметдащца доьзна ду къастамза цIерметдош *хIуъа а* (*а*- чIагIдаран дакъалг ду). Цу кеппара хала дац *милла а* бохучу цIерметдашехь а *мила?* аьлла долчу хаттаран цIерметдешан лард билгалйаккха а (*а* - чIагIдаран дакъалг).

Къастамза цIерметдешнаш ***хьенех, минех***, цIердешнаш санна, легало, хIор дожарехь тайп-тайпана флексеш а йолуш.

| | |
|---|---|
| *ЦI. хьенех* | *минех* |
| *Дл. хьенех-ан* | *минех-ан* |
| *Л. хьенех-ана* | *минех-ана* |
| *Др. хьенех-а* | *минех-а* |
| *К. хьенех-аца* | *минех-аца* |
| *М. хьенех-иē* | *минех-иē* |
| *Х. хьенех-ах* | *минех-ах* |
| *Дс. хьенех-ал* | *минех-ал* |

Къастамза цIерметдош ***цхьадолу, цхьадерг,*** лааме а, лаамаза а билгалдешнаш санна, легало.

| ***Лааме легадалар*** | ***Лаамаза легадалар*** |
|---|---|
| *ЦI. цхьадерг* | *цхьадолу адам* |
| *Дл. цхьадол-чу-н* | *цхьадолчу адаман* |

*Л.  цхьадол-чу-нна  цхьадолчу адамана*

*Др. цхьадол-чуӣ  цхьадолчу адамуӣ*

*К.  цхьадол-чуь-нца  цхьадолчу адамаца*

*М. цхьадол-чуь-нга  цхьадолчу адамиӗ*

*Х.  цхьадол-чу-х  цхьадолчу адамах*

*Дс. цхьадол-чу-л  цхьадолчу адамал*

***Маситта*** бохучу къастамза цIерметдешан легадалар, масаллин терахьдешнийн санна, ду.

| ***Лааме легадалар*** | ***Лаамаза легадалар*** |
|---|---|
| *ЦI. маситта маситта де* | |
| *Дл. маситтаннан* | *маситта дийнан* |
| *Л. маситтанна* | *маситта денна* |
| *Др. маситтамма* | *маситта дийнуӣ* |
| *К. маситтанца* | *маситта денца* |
| *М. маситтанга* | *маситта дийниӗ* |
| *Х. маситтанах* | *маситта дийнах* |
| *Дс. маситтанал* | *маситта дийнал* |

Керлачу бакъонашца шен хIоттамехь ***-берш*** дакъа долчу цIерметдешнийн (**цхьаберш, наггахьберш, цхьаццаберш, кхиберш**) хотталург, дустург дожарийн кепаш иштта йазйо: *цхьаболчарал, цхьаболчарах; кхиболчарах, кхи- болчарал.*

## 2.9. ДАЦАРАН ЦIЕРМЕТДЕШНАШ

Дацаран цIерметдешнийн маьIнехь нохчийн маттахь лела цIердешнаш ***хIума, стаг, адам,*** **терахьдош** ***цхьаъ.*** Вай билгалдаьхначу дешнашца **чIагIдаран дакъалг *а*** цхьаьнакхетаро дацаран цIерметдешнийн маьIна гойту. Цу дешнийн лардашкара мукъаза аьзнаш шала довлу. Масала: *хIумма а, стагга а, аддам а, цхьаъа а,* амма *цхьа а*. Вай далийначу масалех хьалхара кхоъ, цIерметдешнаш санна, легало; тIаьххьара ши цIерметдош, масаллин терахьдош санна, легало:

| | |
|---|---|
| *ЦI.  хIумма а* | *цхьа а* |
| *Дл.  хIумманнан а* | *цхьаннан а* |
| *Л.  хIумманна а* | *цхьанна а* |
| *Др. хIуммануӣ а* | *цхьаммуӣ а* |
| *К.  хIумманца а* | *цхьаьнца а* |
| *М.  хIумманиӗ а* | *цхьаьнггиӗ а* |
| *Х.  хIумманах а* | *цхьаннах а* |
| *Дс. хIумманал а* | *цхьаннал а* |

Керлачу бакъонашца цхьаъ терахьдош хIокху кепара йаздар тIеэцна: цхьаъ, цхьаннан, цхьанна, **цхьамма / цхьаммо / цхьанно**, цхьаьнца, цхьаннах, цхьаьнга, цхьаннал, ткъа цу терахьдашах кхолладелла **цхьа а** цIерметдош цу кепара йаздан дезий-техьа?